

Obsèvatè Klima Sipòte Preparasyon Kominote a



Preparasyon Kominote a: Kijan Ou Ka Ede

Prepare ou pou sezon siklòn nan enpòtan pou fanmi ou, sila ou renmen yo – e pou vwazen ou yo tou. Sansibilizasyon bonè ak angajman kominotè esansyèl pou pwoteje lavi ak pwopriyete. Lè nou rete enfòme epi travay ansanm, nou ka ranfòse preparasyon ak rezilyans nou.

Pi ba la gen kèk konsèy, resous, ak fason ou ka angaje w nan kominote lokal ou a pou sipòte sekirite ak rekipasyon apre dezast.

Pouki Konesans Klima Lokal Enpòtan

Alòske previzyon ofisyèl Sant Nasyonal Siklòn yo esansyèl, obsèvasyon lokal yo souvan founi premye siy chanjman kondisyon yo. Prete atansyon a anviwònman nou epi repòte sa nou wè, sa ede sekouris ijans yo aji pi rapid ak pi efikas.

Pandan Siklòn Ian an 2022, rezidan plizyè katye Florid te rapòte nivo dlo yo ki t ap monte epi wout ki bloke anvan ekip ijans yo te rive. Alèt bonè sa yo te ede sekouris yo priorize sekou yo epi reyoryante sikilasyon an, sa ki demontre enpòtans patisipasyon kominote a nan sitiyasyon ki chanje rapid. Menm lè medya yo souvan santre atansyon yo sou kategori tanpèt ak vitès van an, gwo lapi ak inondasyon yo

menm tou ka prezante menm danje a.

“Pran tan pou konprann si ou nan yon zòn ki gen tandans pou inonde, e si posib, idantifye epi rezoud pwoblèm drenaj nan pwopriyete ou a,” se sa Megan Borowski di, li menm ki se Metewològ Prensipal pou Florida Public Radio Emergency Network (Rezo Ijans Radyo Piblik Florid). “Borowski avèti ke menm si ou dèyò “kón” nan, tanpèt k ap rapwoche kòt Atlantik la oswa Gòlf la ka lakòz gwo inondasyon akòz de van tanpèt ak tònad ki a plizyè kilomèt de sant tanpèt la.

Lè ou rapòte kondisyon kliman k ap chanje bay estasyon Sèvis Klima Nasyonal lokal ou a (NWS), sa ap ede moun k ap fè previzyon yo rasanble done epi bay alèt nan bon moman. Yo pran enfòmasyon nan men obsèvatè volontè ki gen fòmasyon pou sa nan [SKYWARN](#) oswa [pwogram Cooperative Observer](#) epi tou obsèvatè amatè nan yon kominote. Toutfwa, previzyon sezon siklòn yo konsewa pou di alavans a konbyen tanpèt nou ka atann nou, men pa *kilè* oswa *kibò* y ap parèt.

“Pandan sezon tanpèt, yon je vijilan ak yon kout men ka mennen lwen”, dapre Karl Justavino, ki se Direktè Prensipal Sèvis Konsomatè ak Asirans Citizens. “Li enpòtan pou rete enfòme nan swiv previzyon ofisyèl yo epi konsilte sous ki fyab pou ede pwoteje sa ki pi enpòtan yo. Nou ka sipòte kominote nou yo nan veye sou vwazen nou yo, pataje enfòmasyon pou kenbe kominote nou yo pi djanm e an plis sekirite.”

Konsèy Senp pou Obsève Klima

Nou tout ka jwe yon wòl nan siveye klima a. Men kèk fason fasil pou rete vijilan:

- *Rete atantif a premye siy yo:* Syèl ki tou nwa, chanjman van brid sou kou, fòm nyaj ou pa wè souvan ka siyal yon tanpèt.
- *Itilize zouti ki frib:* Aplikasyon tankou [Florida Storms](#) (li fè pati de Florida Public Radio Emergency Network), [Clime: National Oceanic and Atmospheric Administration \(NOAA\) Weather Radar Live](#), [MyRadar](#), ak [Federal Emergency Management Agency \(FEMA\)](#) aplikasyon ki ofri alèt ak notifikasyon an tan reyèl.
- *Kenbe yon rejis:* Anrejistre chanjman klima a oswa pran foto ka ede swiv tandans yo epi sipòte repòtaj lokal yo.
- *Konnen kilè pou ou rapòte:* Chanjman siyifikatif yo ta dwe rapòte bay [jesyon ijans lokal](#) oswa estasyon [Sèvis Klima Nasyonal \(NWS\)](#) lokal ou.

Menm yon apèl rapid konsènan yon ri inonde oswa yon pyebwa ki tonbe ka ede lòt yo evite danje epi asiste ekip ijans yo pou reponn yon fason pi efikas.

Resous ki Frib pou Rete Enfòme

Enfòmasyon egzak enpòtan anpil pandan yon sesyon siklòn. Make oswa anrejistre resous sa yo:

- [National Hurricane Center \(Sant Nasyonal Siklòn\)](#)
- [Florida Division of Emergency Management \(Jesyon Ijans Divizyon Florid\)](#)
- [NOAA Weather Radio](#): Esansyèl pou mizajou, espesyalman pandan blakawout
- [Broadcast Emergency Alerts and Communications Operations Network \(BEACON\)](#): yon rezo an sekirite pou biwo jesyon ijans leta ak lokal yo pou bay alèt ak enfòmasyon sekirite
- Aplikasyon mobil: [My Hurricane Tracker & Alerts](#), [AccuWeather](#), oswa [Red Cross Emergency](#) pou alèt ak konsèy preparasyon

Sipòte Kominote Nou yo

Preparasyon se yon responsabiltè pataje pandan tout ane a. Men fason ou ka sipòte sila yo ki nan kominote ou a:

- *Entregre gwoup lokal yo:* [Community Emergency Response Teams \(CERT\)](#) ki se [Ekip Repons Ijans Kominote](#) ak rezo obsèvatè klima yo ofri fòmasyon ak mizajou.
- *Pajate avèk responsabiltè:* Itilize rezo sosyal pou pataje enfòmasyon ki verifye.
- *Veye sou vwazen yo:* Sa enpòtan espesyalman pou sila yo ki granmoun aje, andikape, oswa ki pa gen transpò.
- *Fè volontarya:* Ede rasanble ak distribye kit pou tanpèt, sak sab, twous premye sekou, ak lòt materyèl ijans nan zòn ou an.

Pandan n ap rantre nan yon lòt sezon siklòn, an nou angaje nou pou rete vijilan, enfòme, ak konekte. Lè nou travay ansanm e veye youn sou lòt, nou ka garanti yon Florid ki pi an sekirite ak pi rezilyan.

Nouvo Nimewo Telefòn oswa Imèl? Fè Nou konnen!


Aktyalize enfòmasyon kontak ou ak Citizens pou toujou rete ajou.

Rantre an kontak lè ou:

- Konekte nan myPolicy
- Rele ajan ou a
- Kontakte nou 866.411.2742



Aprann konsènan Pwogram Depopilasyon Citizens nan depi nan kòmansman jiska lafen ak nouvo seri videyo nou yo ki disponib sou YouTube.



Depopilasayon ak Ou: Chwa Asire a



Kòm asirè dènye rekou nan Florid, Citizens toujou eseye konekte asire yo ak opsyon mache prive yo pandan l ap founi sèvis kalite bay sila yo ki pa gen aksè a kouvèti prive.

Depi 2023, Pwogram Depopilasayon Citizens nan transfere ak siksè plis pase 900,000 asire Citizens bay asirè prive Biwo Regilasyon Asirans Florid la (OIR) apwouve. Souvan, asirè sa yo bay yon kouvèti pi konplè avèk prim ki pi konparab a chak fwa.

Enterè nan Pwogram Depopilasayon an rete solid pandan ke mache asirans pwopriyete Florida a kontinye amelyore. Nan mwa k ap vini yo, anpil asire pral resevwa ankò òf de asirè prive. Kòm yon asire ak Citizens, li enpòtan pou ou konprann kijan pwogram nan fonksyone ak kisa ou bezwen fè.

Men kèk konsèy pou ede ou pran pi bon desizyon an.

Ouvri Mesajri Citizens ou a – Sa Enpòtan!

Si ou seleksyone pou resevwa yon òf, Citizens pral voye ba ou yon lèt Òf Chwa Asire oswa Òf Depopilasayon Asire. Tapri li li ak atansyon. Kominikasyon sa yo gen enfòmasyon kritik konsènan òf asirans prive yo ki ka afekte kouvèti ou a.

Konprann Opsyon Ou yo

Lè yon òf asirè prive nan 20% estimasyon prim renouvèlman ou a avèk Citizens, ou pa elijib pou rete ak Citizens. Toutfwa, si òf la depase limit 20% sa, ou ka rete ak Citizens – men fòk ou chwazi opsyon sa aktivman. Li p ap fèt otomatikman.

Kijan pou Rete ak Citizens (Si w Elijib)

Si ou elijib epi ou swete rete ak Citizens, oumenm oswa ajan ou a dwe reponn lèt òf la anvan dat limit ki tabli a pou endike aklè chwa ou a. Swiv enstriksyon ki nan lèt la pou konfime desizyon w lan. Si ou pa reponn, sa ap fè yo transfere asirans ou a bay yon asirè prive.

Kisa ki Rive Pandan Transfè Asirans la?

Si yon lòt asirè pran asirans ou a an chaj, prim aktyèl ou a ak kouvèti Citizens nan pa chanje jiskaske asirans ou a ekspire. Anvan renouvèlman an, w ap resevwa yon òf de yon asirè prive. "Règ 20%" an aplike nan pwen sa a tou. Si prim renouvèlman asirè prive a depase prim kouvèti konparab Citizens la plis pase 20%, ou ka renouvle ak Citizens. Toutfwa, si òf asirè prive a nan règ 20% an, ou pa ka retounen jwenn Citizens nan pwen sa, menm si ou ta refize òf prive a.

Pran yon Desizyon Enfòm

Lèt òf la gen tout detay konparezon kouvèti ak estimasyon renouvèlman prim yo. Konsidere faktè kritik sa yo:

- Asirè prive yo souvan ofri opsyon kouvèti ki pi laj.
- Asire Citizens fè fas a evalyasyon kotizasyon potansyèl ki pi wo pase asire prive yo, si nesèsè, pou peye reklamasyon Citizens yo.
- "Règ 20%" an pwoteje ou de ogmantasyon prim sibstansyèl yo.
- Òf prive yo chak jou ap vin nan menm pri oswa pi ba nivo prim Citizens yo.

Mache asirans pwopriyete Florid la ap amelyore, nan founi oumenm ak asire Citizens yo opsyon mache prive ki fyab pandan l ap ede Citizens tabli wòl li kòm asirè Florid dènye rekou.

Pran tan pou ou rete enfòm se pi bon fason pou pran bon desizyon si ou ta resevwa yon òf de yon asirè mache prive.

Sezon Tanpèt 2025: 5 Konsèy pou Ede Ou Prepare W'



Sezon tanpèt la rive. Gade dènye videyo nou an pou ou aprann fason pou ranfòse kay ou epi ede pwoteje l' pandan move tan.



SOUSKRI



Souskri nan kanal YouTube Citizens lan!

youtube.com/@CitizensPropertyInsurance



Rele Citizens First nan 866.411.2742

Rapòte yon reklamasyon 24/7/365 oswa W ap
jwenn enfòmasyon byen presi soukontra asirans
nan jou lasemèn yo ant 8 a.m.
ak 5:30 p.m. ET

[Dezabònè](#)

Citizens Property Insurance Corporation
Avril-jen 2025 Nimewo 17

myPolicy

Rapòte reklamasyon, gade reklamasyon ak
eta kontra asirans, epi fè pèman 24/7/365

